



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 127 MILYON DOLA POU DEPATMAN LAPOLIS AK BIWO CHERIF YO POU NOUVO TEKNOLOJI AK EKIPMAN POU ANPECHE AK REZLOUD KRIM, AMELYORE SEKIRITE PIBLIK

Aprè demann ki te pibliye otòn pase a, Gouvènè Hochul ap finanse aplikasyon 378 ajans fòs de lòd fè andeyò Vil New York pou rezoud ak anpeche krim yon fason ki pi efikas

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 127 milyon dola bay depatman lapolis ak biwo cherif yo andeyò Vil New York pou nouvo teknoloji ak ekipman pou anpeche ak rezoud krim epi amelyore sekirite piblik. Gouvènè a te jwenn finansman adisyonèl nan bidjè ane fiskal 2025 la pou finanse aplikasyon 378 ajans fòs de lòd te fè yo ki te reponn a [aplikasyon eta a pou finansman otòn pase](#).

"Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi n ap kontinye fè investisman rekò nan fòs de lòd yo pou yo gen resous yo bezwen pou pwoteje kominote nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou envesti nan dènye teknoloji ak ekipman, nou ap reponn a demann ajans fòs de lòd yo pandan y ap chèche pwoteje avni eta nou an."

Biwo depatman lapolis ak biwo cherif yo pral itilize finansman pou achte nouvo teknoloji ak ekipman pou modènize operasyon yo epi rezoud ak anpeche krim yon fason ki pi efikas. Sibvansyon yo pral sipòte yon varyete ekipman ak teknoloji, ki gen ladan men pa limite a lektè plak machin yo, kamera siveyans mobil ak fiks, sistèm ekspedisyon asiste avèk òdinatè, lojisyèl, veyikil ayeryen san pilòt, aparèy deteksyon kout zam, ak ekipman entelijan pou machin patwouy ak ofisye lapolis yo.

Divizyon Eta Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) [te enfòme tout ajans yo sou prim sibvanyon yo nan kòmansman jounen an](#) epi pral voye lèt prim yo mwa sa a bay depatman lapolis ak biwo cherif yo, ki te aplike pou finansman nan fen ane 2023. Plis pase mwatye nan finansman total la pral itilize pou sipòte lektè plak machin yo (22 pousan), ekipman yo mete sou kò yo ak veyikil patwouy (20 pousan), ak sistèm kamera sekirite piblik (17 pousan).

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Lè ajans polis yo ak òganizasyon kominotè atravè New York te eksprime bezwen yo, Gouvènè Hochul te koute. Nou remèsye Gouvènè a dèske l travay pou asire bidjè ane sa a

satisfè bezwen sa yo, epi nou pa ka tann pou nou kontinye travay avèk ajans fòs de lòd yo ak patnè kominotè nou yo pou ranfòse relasyon sa yo ak sipòte pratik ki baze sou prèv ki ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi pèmèt kominote yo pwospere."

[Bidjè ane fiskal 2025 la](#) gen ladan l pi gwo investisman ki te janm fèt nan finansman sekirite piblik ak jistis kriminel pou sipòte apwòch konplè ak plizyè aspè Gouvènè Hochul la pou adrese vyolans ak zam epi gen ladan [lòt finansman pou siblè vòl nan kòmès an detay](#), pi byen konbat vyolans domestik ak [asire finansman pou pwogram kominotè ki sèvi viktim ak sivivan krim yo](#).

[Divizyon Sèvis Jistis Penal la](#) bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis kriminel eta a, ki gen ladan, men pa sa sèlman: fòm fòs lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; sipèvizè yon pwogram akreditasyon fòs lòd; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès yo ke fòs lòd lokal yo ap itilize fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis penal; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvizè depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram prizon yo; ak kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [X \(anvan li te rele Twitter\)](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)